ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№107 (25.013) • 2026 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 5, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

# Яухуэ, зэрагъэпэщыж, ирагъэфІакІуэ



**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ ІуэхукІэ щыІащ Лэскэн районым. ЩІыналъэм и цІыхухэр хэту екІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ иужьрей илъэситхум районым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм кърикІуахэм, адэкІэ къапэщылъ лэжьыгъэхэм.**

ГУЛЪЫТЭ нэхъыбэ хуащІу и гугъу ящІащ УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкІэ къыхалъхьа лъэпкъ проекthэмрэ къэрал программэхэмрэ зэрагъэзащІэм. Апхуэдэу «Къалэхэм псэупІэ тынш къыщызэгъэпэщын» программэмкІэ зэІузэпэщ ящІащ Анзорей, Аргудан, Урыху, нэгъуэщІ къуажэхэм дэт щэнхабзэмкІэ унэхэм къегъэщІылІа щІыпІэхэр.

Гъуэгу ухуэныгъэмкІи зэфІагъэкІахэр мащІэкъым. «Гъуэгуфlхэр икІи шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектымкІэ лэжьыгъэхэр къыщрахьэлІащ Анзорей, Урыху, Аргудан, Хьэтуей, Уэзрэдж, Ташлы-Тала къуажэхэм. ЗэгъэпэщыжыныгъэхэрщрагъэкІуэкІащ Лэскэн II – Анзорей, Лэскэн II – Ерокъуэ - Чикала гъуэгухэм. ЩыІэ жыпхъэхэм хуагъэкІуэжащ Аргудан - Александровскэ гъуэгум щыщ Іыхьэхэр. «ГъащІэм хуэщІа инфраструктурэ» лъэпкъ проектым хыхьэу зыхуей хуагъэзэжащ Лэскэн-I – Лэскэн Ипщэ – Ташлы-Тала – Хъазнидон гъуэгур. Апхуэдэу Ташлы-Тала къуажэм и уэрамхэм уэздыгъэхэр щыфІадзащ.

Районым и егъэджэныгъэ ІэнатІэри къагъэщІэрэщІэж. Ташлы-Тала курыт школрэ сабий садрэ, Аргудан сабий сад щаухуащ. ЕджапІэхэм я спорт пэшу 9 зыхуей хуагъэзэжащ. ЗэгъэпэщыжыныгъэшхуэхэрщрагъэкІуэкІащ Анзорей, Уэзрэдж, Лэскэн ЕтІуанэ дэт школхэм, Анзорей и сабий садым. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр мы гъэм щрагъэкІуэкІынущ Аргудан, Анзорей, Хьэтуей, Урыху щыІэ курыт школхэм.

«ЩІалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектымкІэ, «Егъэджэныгъэм зегъэужьын» школ программэмкІэ еджапІэ пэшхэр зыхуэныкъуэкІэ къызэрагъэпэщын щІадзащ. Шынагъуэншагъэм и лъабжьэхэр, лэжьыгъэм щыхуагъэсэ дерсхэр щрагъэкІуэкІ пэшхэм папщІэ Іэмэпсымэхэр яІэрыхьащ школи 5-м. АдэкІэ макъамэмкІэ, сурэт щІынымкІэ, физикэмкІэ, математикэмкІэ, биологиемкІэ, химиемкІэ пэшхэр зыхуей-зыхуэныкъуэкІэ къызэрагъэпэщынущ. Мэкъумэш класс къызэІуахыну загъэхьэзыр.

«Щэнхабзэ» лъэпкъ проектымкІэ зыхуей хуэзэу зэпэщ ящІыжащ Анзорей дэт Гъуазджэхэмкlэ сабий еджапІэр, Хьэтуей, Лэскэн ЕтІуанэ, Урыху, Ташлы-Тала, Уэзрэдж щыІэ щэнхабзэмкІэ унэхэр.

Апхуэдэу зэІущІэм щытепсэлъыхьащ районым дежкІэ нэхъ мыхьэнэ зиІэ Іуэхухэм. Республикэм и УнафэщІым жиІащ зытепсэлъыхьа псоми унафэ пыухыкІахэр зэрагъэуэтынур.

# Мамырыгъэм и уасэр зыхрагъэащІэ




**Терроризмэм ебэнхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлІэу, фокІадэм и 3-м, къэралым и щІыпІэ псоми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэми ягу къагъэкІыж теракттхэм хэкІуэдахэмрэ абы фэбжь хэзыхахэмрэ икІи а щІэпхъэджагъэм ебэныным и ІуэхукІэ зэкъуоувэ. Абы ирихьэлІэу республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ пэкІухэр, зэхыхьэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр щекІуэкІащ, документальнэ фильмхэр щагъэлъэгъуащ. Налшык къалэм, Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэ Темыркъан Юрэ и цІэр зезыхьэм и утыкум, а махуэм пэкІу щекІуэкІащ.**

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Терроризмэм ебэнхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлІэу захуигъэзащ республикэм исхэм:

«Фэеплъ махуэм дигу къыдогъэкІыж Беслъэн къалэм къыщыхъуа гузэвэгъуэр, теракт гущІэгъуншэм и зэранкІэ цІыху щэ бжыгъэхэр – сабийхэр, абыхэм я адэ-анэхэр, егъэджакІуэхэр - зыхэкІуэдар. Террористхэм зэрахьа нэгъуэщІ щІэпхъаджагъэхэми хуэдэу, а хьэкІэкхъуэкІагъэр зезыхьахэм гущІэгъу ящІэркъым, ялэжьахэр щІахуэбгъэгъун щхьэусыгъуи щыІэкъым.

*(КІэухыр 3-нэ нап.)*



## Аруан щІыналъэм и зыужьыныгъэр

2-нэ нап.



## ЩыщІадзэжащ еджапІэ къагъэщІэрэщІэжахэм

9-нэ нап.



## Зы махуэм - цІыху минипщІым нэблагъэ

10-нэ нап.




11-нэ нап.



## Мэржэхъу ФатІимэ и ехъулІэныгъэ

12-нэ нап.

# Аруан щIыналъэм и зыужьыныгъэр

● ЗэIущIэхэр

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэу Геккиев Заур, Родинэ Викторие, Щхьэгуэш Адэлбий сымэ и гъусэу лэжьыгъэ IуэхукIэ Аруан районым щыIащ. КъулыкъущIэхэр яхуэзащ щIыналъэм и унафэщIхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм, аруандэсхэм. Ахэр тепсэлъыхьащ дызэрыт илъэсым къриубыдэу районым игъуэта зыужьыныгъэмрэ къэкIуэну лъэхъэнэщIэм хуаIэ мурадхэмрэ, къапэщылъ къалэнхэм.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм МАХ-м щиIэ напэкIуэцIым зэрыщитхымкIэ, Аруан щIыналъэм, КъБР-м и адрей районхэми хуэдэу, зыужьыныгъэфIхэр, зэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъухэр щокIуэкI гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым, псом хуэмыдэу социальнэ IэнатIэм, лъэпкъ пэхуэщIэ купщIафIэхэмрэ къэрал программэ инхэмрэ щагъэзащIэу. Апхуэдэу щIыпIэм и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм лэжьыгъэфIхэр щызэфIах, «Жылэхэм псэукIэр щегъэфIэкIуэн» федеральнэ проектым къыщыгъэлъэгъуахэм япкъ иткIэ. Абы къриубыдэу Нарткъалэ щрагъэфIэкIуащ фэтэр куэду зэхэт унэхэм къедзылIа пщIантIэ 20-м щIигъу, зэпэщ ящIыжащ Джэрмэншык, Шэрэдж Ищхъэрэ, Мэрзэхъу къуажэхэм я жылагъуэ зэхуэсыпIэхэр.

Къищынэмыщ Iауэ, зыхуейзыхуэфI куэдкIэ къызэрагъэпэщащ цIыху кIуапIэу щIыпIэм и къалащхьэм иIэ «Нарт» зыгъэпсэхупIэ паркыр, Шытхьэлэ, Псыкуэд, Старэ Шэрэдж, Псыгуэнсу жылэхэм щыпсэухэм зыгъэпсэхупIэу яIэ жыг хадэ цIыкIухэр. «Псы къабзэ» федеральнэ программэм ипкъ иткIэ Аруан, Старэ Шэрэдж, Къэхъун жылэхэм щаухуащ цIыхухэр псыкIэ къызэгъэпэщыным хуэщIа IэнатIэхэр. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр мы зэманым щызэфIах Мэрзэхъу къуажэм.

Мыхьэнэшхуэ яIэщ щIыналъэм и гъуэгухэм щекIуэкIа лэжьыгъэхэми. Старэ Шэрэджым, Шэрэдж Ищхъэрэм я уэрам нэхъыщхьэхэм ирикIуэ гъуэгухэр зэпэщ ящIащ. Нарткъалэрэ Аруанрэ, Джэрмэншыкрэ Пенькозаводымрэ зэпызыщIэ гъуэгухэр, апхуэдэуи Аруан, Джэрмэншык, Шэрэдж Ищхъэрэ, Псыгуэнсурэ Псыгуэнсу 2-мрэ, Нарткъалэ жылэхэм я уэрам зыбжанэми зэгъэпэщыжыныгъэ-ухуэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр щекIуэкIащ. Абыхэм асфальтыщIэхэр тралъхьащ, гъуэгубгъухэр, лъэс зекIуапIэхэр зыхуей хуагъэзэжащ, жыг щхъуантIэхэр, къуацэчыцэ екIухэр щыхасащ. Уэздыгъэхэр щыфIадзащ псори зэхэту километр 18 къызэщIэзыубыдэ гъуэгухэм. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр иджыри щокIуэкI Нарткъали, Шытхьэли, Аруани.

Гулъытэшхуэ зыхуащIхэм ящыщщ щэнхабзэ, егъэджэныгъэ IэнатIэхэр. Абы и щапхъэщ Джэрмэншык, Аруан къуажэхэм щэнхабзэмкIэ я унэхэр екIуу зэрызэрагъэпэщыжар, Нарткъалэ бгъэIэпхъуэ хъу библиотекэ къызэрыщызэрагъэпэщыр. Егъэджэныгъэ IэнатIэр къэгъэщIэрэщIэжыным хуэгъэпса программэ щхьэхуэм ипкъ иткIэ къанэ щымыIэу зэрагъэпэщыжащ Псыгуэнсу, Старэ Шэрэдж, Чёрнэ Речкэ, Шэрэдж Ищхъэрэ жылэхэм дэт курыт школхэр. Абы хуэщIа лъэпкъ проектыр и лъабжьэу Нарткъалэ щаухуащ еджапIэ унэщIэу тIу, сабий 500, 400 щIэхуэну. Псынабэ къуажэм щащIащ ныбжьыщIи 150-рэ щеджэфыну унэщIэ. Псори зэхэту къапщтэмэ, курыт школу 11-м щекIуэкIащ зэгъэпэщыжыныгъэ-ухуэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр. Районым и еджапIэ псоми щолажьэ «Зыужьыныгъэм и къежьапIэ» IэнатIэхэр. Апхуэдэу щIыналъэм и щIалэгъуалэм ядолажьэ «Нарт» щIалэгъуалэ центрым и IэщIагъэлIхэр.

Узыншагъэр хъумэным епха щIыналъэ IэнатIэми зыужьыныгъэфI игъуэтащ иужьрей зэманым. Районым и сымаджэщ нэхъыщхьэм къепха поликлиникэм лэжьэн щIидзэжащ, иджырей мардэхэм тету абы щрагъэкIуэкIа ухуэныгъэ лэжьыгъэм иужькIэ. Нэсу зэрагъэпэщыжащ Джэрмэншыкрэ Аруанрэ дэт амбулаторэхэр, Старэ Шэрэджымрэ Шэрэдж Ищхъэрэмрэ амбулаторэщIэхэр щаухуащ. Апхуэдэ лэжьыгъэ щокIуэкI Чёрнэ Речкэ къуажэми.

ЩIыналъэм и унафэщIхэм адэкIэ къапэщылъ лэжьыгъэхэм я гугъу пщIымэ, апхуэдэхэщ сабий гъэсапIэхэм, щэнхабзэмрэ спортымрэ я IуэхущIапIэхэм, псы зэрыкIуэ бжьамийхэм, гъуэгухэм ехьэлIа зэгъэпэщыжыныгъэ-ухуэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр, нэгъуэщIхэри.



# Iуащхьэмахуэ районым щыпсэухэм яхуэзащ

**Тырныауз къалэм щыIащ икIи Iуащхьэмахуэ районым и цIыхухэм яхуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэу Геккиев Заур, Родинэ Викторие, республикэм и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий сымэ и гъусэу. ЗэIущIэм къыщаIэтащ щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм теухуа Iуэхухэр.**

АПХУЭДЭУ тепсэлъыхьащ Герхожан-Суу псым ятIэпс къэзыгъэувыIэу иIэ ухуэныгъэр къэгъэщIэрэщIэжын, нэгъуэщI объект зыбжани зэфIэгъэувэжын, спорт инфраструктурэм, узыншагъэр хъумэн, цIыхухэр къешэкIыныр къызэзыгъэпэщ IэнатIэхэм адэкIи зэрызрагъэужьын, гъуэгухэр, щIыпIэ щхьэхуэхэр зэIузэпэщ щIын зэрыхуейм. И гугъу ящIащ фэтэр куэду зэхэт унэхэм зэгъэпэщыжыныгъэхэр зэрыщегъэкIуэкIыпхъэм, хуабэр къэзыт системэр къызэрыгъэщIэрэщIэжыпхъэм.

«Лъэпкъ проектхэмрэ «ЩIыналъэхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зегъэужьын» къэрал программэмрэ япкъ иткIэ, а унэтIыныгъэ псомкIи лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI. ЦIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа Iуэхухэр япэ идгъэщхэм ящыщщ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Эльбрус къуажэм щаухуащ амбулаторэрэ ЩэнхабзэмкIэ унэрэ. Тырныауз дэт ЩэнхабзэмкIэ унэр, район сымаджэщым и поликлиникэр, Гундэлэн и амбулаторэмрэ сабий садымрэ зэрагъэпэщыжащ. Сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзэжащ Тырныауз, Гундэлэн, Былым, ЛашкIутIэ, Нейтринэ, Эльбрус щыIэ курыт школхэр. Районым и еджапIищым и спорт пэшхэр, Тырныауз дэт, Сабийхэм я творческэ зыужьыныгъэмкIэ центрыр, Олимп джэгухэм хэтынухэр щагъэхьэзыр спорт школыр, сабий гъэсапIэр зэпэщ ящIащ. Ахэр иужьрей илъэситхум лъэпкъ проектхэмрэ программэхэмкIэ ягъэзэщIэн хуейхэм щыщ Iыхьэщ.

Иджыпсту Гундэлэн щаухуэ Сабий макъамэ школ, Эльбрус дэт сабий садыр, Бахъсэн Ипщэм и еджапIэр зэрагъэпэщыж. Къуажэ зыбжанэм псы зэрыкIуэ бжьамийхэр къэгъэщIэрэщIэжыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI, Чат Баши щIыпIэм километр 12 зи кIыхьагъ гъуэгур зыхуей щыхуагъэзэж.



# Гъуэгухэр зыхуей хуагъэзэ

**Къэрал гъуэгухэм кIэлъыплъ, ФКУ Упрдор «Кавказ» IуэхущIапIэм и унафэщI Лукашук Александр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ.**

ЗЭIУЩIАХЭР тепсэлъыхьащ лэжьыгъэ зрахьэлIэ объектхэмрэ къапэщылъ къалэнхэмрэ. Республикэм къакIуэ туристхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм ипкъ иткIэ, зыгъэпсэхупIэхэм екIуалIэ гъуэгухэр нэхъ зэлъэIэсу, ахэр шынагъуэншэрэ щызекIуэгъуафIэу щытын зэрыхуейм и гугъу ящIащ.

Упрдор «Кавказ» IуэхущIапIэм и унафэм щIэту ди щIыналъэм пхокI километр 393,5-м щIигъу къэрал гъуэгу. Абыхэм елэжьын зэи щагъэтыркъым, экономикэм хэхъуэшхуэ къызэрыритым къыхэкIыу.

Дызэрыт зэманым Урыху псыежэхым зэпрыкI лъэмыжыр зэIузэпэщ ящI, Налшык къекIуэкI гъуэгу щхьэфэр яхъуэж, Р-217 «Кавказ» трассэр къызэрыхухьа гъущI хъархэр зэрахъуэкI, гъуэгум епха нэгъуэщI лэжьыгъэхэр зэфIагъэкI.

КIуэкIуэ Казбек хьэщIэм фIыщIэ хуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщаIэт гъуэгу лэжьыгъэ псори къазэрыдиIыгъым, транспортым епха инфраструктурэм зиужьыным хуищI хэлъхьэныгъэм папщIэ.

# Инвестицэхэмрэ къежьапIэщIэхэмрэ

**Республикэм и промышленность IэнатIэм кIуэ пэтми зеужь икIи къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ абы инвестицэхэр къыхэшэнымрэ IуэхущIапIэхэр технологие и лъэныкъуэкIэ къэгъэщIэрэщIэжынымрэ.**

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ЩIыналъэм Iуэхухэр щызегъэкIуэнымкIэ и центрым и унафэщI КIэдыкIуей Мадинэ щыIущIам и гугъу ищIащ IэнатIэм и зэфIэкIхэм зэрыхагъэхъуэфыну Iэмалхэм.

Псалъэмакъым и курыхыу щытащ республикэм и промышленностым зегъэужьыным ехьэлIауэ къэув къалэн нэхъыщхьэхэр: инвесторхэр дэIыгъыныр, продукцэхэр хамэ щIыпIэхэм егъэшэным зегъэубгъуныр, иджырей щIэныпхъэхэр хэпщэнымрэ IуэхущIапIэхэм автоматикэ Iэмэпсымэхэр нэхъыбэу къыщыгъэсэбэпынымрэ.

Гулъытэ хэха хуащIащ лэжьакIуэкIэ къызэгъэпэщыным. IуэхущIапIэхэм я дежкIэ мыхьэнэ хэха зиIэр лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэIухыным и закъуэкъым, атIэ иджырей промышленностым къигъэув мардэхэм изагъэу IэнатIэм пэрытыфын IэщIагъэлIхэри яIэн хуейщ.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ технологиехэр къэмыгъэщIэрэщIэжауэ IэнатIэм зэрызыпхуемыгъэужьынур. Лэжьыгъэм къыпэкIуэм хэгъэхъуэныр, продукцэм и фIагъыр къэIэтыныр, нэгъуэщI хэкухэм щащIхэм япеуэфын продукцэ IуэхущIапIэхэм къыщIагъэкIыфу щытыныр унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэу къонэж.




# Мамырыгъэм и уасэр зыхрагъащIэ

*(ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)*

А махуэм щыму дигу къыдогъэкIыж къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм террористхэм щаIэщIэкIуэдахэр, ди щхьэр яхудогъэщхъ теракттхэр къызэтрагъэувыIэу, лIыхъужьыгъэ зэрахьэу зи псэр зыта хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм я фэеплъым. Нобэ, КъухьэпIэр зи телъхьэ Киевым и лъэныкъуэкIэ Урысейр терактхэм хуэлъэ щыхъуа зэманым, нэхъри дызэкъуэувэн, дысакъын, бийм пэщIэтынымкIэ жэуаплыныгъэ зэрытхьыр нэхъри зыхэтщIэн, шыIэныгъэ зыхэдгъэлъын, пщIэ зэхуэтщIын, террористхэм ебэныным теухуа ди къарур дгъэбыдэн хуейщ. Быдэу си фIэщ мэхъу, къэралымрэ жылагъуэмрэ дызэрыубыдрэ дызэкъуэтмэ, а шынагъуэм дызэрыпэщIэтыфынур, зэманым къигъэув гузэвэгъуэхэм жэуап зэрытхуетынур икIи дызэрыпэщIэтыфынур», - щыжеIэ республикэм и Iэтащхьэм и псалъэм.

А махуэм къызэрагъэпэща фэеплъ пэкIур къызэIуахащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал гимнхэм я макъамэм щIэту. Абы хэтащ Налшык щыпсэухэмрэ ди хьэщIэхэмрэ. Зэхыхьэм кърихьэлIахэм яIыгът Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я ныпхэр, «Дэ мамырыгъэм дрителъхьэщ» псалъэхэр къызытещ плакатхэр. Зэхуэсахэр хэкIуэдахэм зы дакъикъэкIэ яхуэщыгъуа нэужь, уафэгум шар хужьхэр ираутIыпщхьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я нэхъыщхьэхэм, Урысей гвардием и щIыналъэ къудамэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, дин лэжьакIуэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм, волонтёрхэм, къалэдэсхэм, студентхэм ягу къагъэкIыжащ Беслъэн къалэм къыщыхъуа гузэвэгъуэм хэкIуэдахэр, террористхэм я зэран зэкIа цIыхухэр. КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэмрэ Пятигорск, Черкесск епархиемрэ я лIыкIуэхэр абдеж тхьэ щахуелъэIуащ хэкIуэдахэм икIи къыхагъэщащ террористхэм я Iуэху фIейхэр ялэжьын папщIэ диныр къагъэсэбэпынкIэ зэрыхъунум пэщIэтын зэрыхуейр.

- Терроризмэм лъэпкъ щхьэхуи дини иIэкъым. Абы и къалэн нэхъыщхьэр цIыхухэр игъэшынэу жылагъуэр зэкъуиудынырщ, - жиIащ дзэ Iуэху хэхам и ветеран, Жашуев Аслъэн. – Беслъэн къыщыхъуа гузэвэгъуэм дыхуигъэсащ шынагъуэ къыщыхъукIэ дызэрыубыдын зэрыхуейм. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ къэралым я шынагъуэншагъэр ди зэкъуэтыныгъэмрэ елъытащ.

КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ и органхэм я ветеранхэм я Советым и унафэщI Пыхъ МуIэед жиIащ 2004 гъэм фокIадэм Беслъэн къалэм къыщыхъуа, цIыху 334-рэ, абы щыщу сабии 186-рэ, спецназым и лэжьакIуэ 19 зыхэкIуэда гузэвэгъуэм къыгуэхыпIэ имыIэу епха мы фэеплъ махуэм и мыхьэнэр зэрыиныр. Абы щIигъужащ 2005 гъэм Налшык къыщыхъуа щIэпхъаджагъэри ди республикэм и дежкIэ гузэвэгъуэшхуэу зэрыщытар, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр яхъумэныр я къалэн нэхъыщхьэу къызэрынэжыр икIи къыхуриджащ Интернетым щызэбграгъэкI хъыбар нэпцIхэм хуэсакъыну, къэралым мамырыгъэм щIита уасэр зыщамыгъэгъупщэну.

ПэкIум къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщIэтынымкIэ, щIыналъэм мамырыгъэ, зэгурыIуэ илъынымкIэ жылагъуэм я зэкъуэтыныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, абы и лъэныкъуэкIэ щIалэгъуалэм къалъыс жэуаплыныгъэр зыхащIэу, мыхъумыщIагъэхэм пэщIэту къагъэхъун папщIэ дяпэкIи ядэлэжьэну зэрыхьэзырыр. БлэкIам и къэхъугъэ шынагъуэхэр ягу къагъэкIыж къудей мыхъуу, зэхуэсахэм трагъэчыныхьырт тхыдэкIи зэпыщIауэ, зэныбжьэгъуу лъэпкъ куэд щызэдэпсэу ди щIыналъэм шынагъэм, лъагъумыхъуныгъэм, нацизмэм увыпIэ зэрыщамыIэм, цIыхубэр мамырыгъэм зэрыхуэпабгъэм. Зэхыхьэ нэужьым къащтащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэрапэщIэтынум теухуа резолюцэ.

КъыжыIапхъэщ Терроризмэм ебэнхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлIэу республикэм и щIыналъэ псоми зэхыхьэхэр зэрыщекIуэкIар, курыт еджапIэхэм полицэм и лэжьакIуэхэм дерсхэр зэрыщатар. Шэджэм щIыналъэм щагъэлъэгъуащ Беслъэн къалэм къыщыхъуа гузэвэгъуэм теухуа документальнэ фильм. Абы хэтащ щIыпIэ администрацэм, «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и къудамэм я лIыкIуэхэр, «УхуакIуэ» колледжым Шэджэм щIыналъэм щиIэ еджапIэм щыщ щIалэгъуалэ жыджэрхэр.

Май къалэм и ЩIалэгъуалэ центрым щагъэлъэгъуащ «Беслан. Три дня навсегда» документальнэ фильмыр. КъызэгъэпэщакIуэхэм жаIащ абдеж къызэрыщымыпсэлъэнур, атIэ псоми яхуэгъэза а лэжьыгъэр пагъанэу цIыхухэм я пащхьэ зэрырахьэнур, а махуэм къэхъуа гузэвэгъуэр зыщамыгъэгъупщэн, мамырыгъэм и уасэр зыхрагъэщIэн папщIэ.

Тэрч щIыналъэм и щIалэгъуалэм щыщхэр а махуэм Беслъэн къалэм и курыт еджапIэ №1-м и музейм кIуэри, 2004 гъэм къэхъуа терактым хэкIуэдахэр ягу къагъэкIыжащ.

Лэскэн щIыналъэм хыхьэ Анзорей къуажэм и стадионым а махуэм хуэгъэпсауэ екIуэкIащ футбол цIыкIу джэгумкIэ зэхьэзэхуэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*




# КъадогъуэгурыкIуэ щIэблэхэм



**Зи блэкIам пщIэ хуэзымыщIым къэкIуэну дахэ иIэнукъым, жаIэ. А Iуэхугъуэм уезыгъэгупсыс къэхъукъащIэщ иджыблагъэ республикэм и къалащхьэм хэIущIыIу щыхъуар. Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыщызэрагъэпэщащ Урысейм и пащтыхь Александр III и цIэр зезыхьэу щыта Къэбэрдей-Бгырыс реальнэ училищэм и унэм и теплъэ пэжыр къэзыгъэлъагъуэ архитектурэ макет. «Эрмитаж-Кавказ» щэнхабзэ-егъэджэныгъэ центрымрэ университетым АрхитектурэмкIэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкIэ и институтымрэ зэгъусэу зэдагъэзэщIа проект лэжьыгъэм щIэупщIэшхуэ иIэу ягъэлъагъуэ.**

IУЭХУМ пэублэ хуэхъуар мыхьэнэшхуэ зиIэ архив къэлъыхъуэныгъэхэм къарикIуахэм ящыщ зыщ, «Эрмитаж-Кавказ» щэнхабзэ-егъэджэныгъэ центрым иригъэкIуэкIауэ. Къэбэрдей-Бгырыс реальнэ училищэм и тхыдэр къэхутэжыным епха лэжьыгъэм пэрыту, IуэхущIапIэм и IэщIагъэлIхэр Осетие Ищхъэрэ – Алание Республикэм щрихьэлIащ инженер-архитектор Семёнов Н.Н и къалэмыпэм къыпыкIауэ унэшхуэ гуэрым и проект гъэщIэгъуэн. КъызэрыщIэкIамкIэ, ар Реальнэ училищэм и унэм и проектырат, 1909 гъэм ящIауэ. А къэхутэныгъэм и фIыгъэкIэ щIэныгъэлIхэм яхулъэкIащ еджапIэм пкърылъу щыта инженер Iэмалхэм, ухуэныгъэм ирахьэлIа пкъыгъуэхэм, ар щащIым текIуэда мылъкур зыхуэдизым, унэм теухуауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми зыщагъэгъуэзэн.

Ди республикэм и тхыдэ напэкIуэцIхэм къызэрыхэщыжымкIэ, Къэбэрдей-Бгырыс реальнэ училищэр ди щIыналъэм и япэ курыт еджапIэу щытащ. Ар 1909 гъэм Налшык слободам къыщызэIуахащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и IэщIагъэлIхэм я кIыщ ипэжыпIэкIэ хъуа еджапIэм лъабжьэ хуэхъуащ 1860 гъэм къыщыщIэдзауэ лэжьа Налшык бгырыс школыр. Училищэм и унэщIэр яухуауэ щытащ илъэси 115-рэ ипэкIэ. Абы текIуэдэну мылъкур Налшык щIыпIэм хиубыдэ бгырысхэмрэ щIыналъэм и цIыхубэмрэ зэхуахьэсауэ щытащ. 1913 гъэм и жэпуэгъуэм училищэм и унэщIэр гуфIэгъуэ щытыкIэм иту къызэIуахауэ щытащ. Абы фIащат Урысейм и пащтыхь Александр III и цIэр.

Къэбэрдей-Бгырыс реальнэ училищэм и егъэджэныгъэ программэм зэритымкIэ, абы и гъэсэнхэм ирагъэгъуэтырт курыт щIэныгъэ, естественнэ унэтIыгъэ иIэу. Еджэныр ехъулIэныгъэкIэ зэфIэзыххэм хуитыныгъэ яIэт, техникэ, физико-математикэ, медицинэ унэтIыныгъэхэм епха IэщIагъэ зрагъэгъуэтын папщIэ, зэрыщIэтIысхьэ къэпщытэныгъэхэр хэмыту апхуэдэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэну. Программэм къызэщIиубыдэ предметхэм ящыщт дин щIэныгъэр, урысыбзэр, математикэмрэ физикэмрэ, тхыдэмрэ географиемрэ, естествознаниер, хамэ къэралыбзэхэу франджыбзэмрэ нэмыцэбзэмрэ, адыгэбзэр, черчениер, гимнастикэр, нэгъуэщIхэри. Апсоми адыгэхэм, балъкъэрхэм, урысхэм, осетинхэм, ермэлыхэм, куржыхэм, алыджхэм, нэгъуэщI лъэпкъхэми къахэкIауэ ди щIыналъэм щыпсэу унагъуэ хуэщIахэм къахэкIа сабийхэр хурагъаджэрт ди лъэпкъым щыщ узэщIакIуэхэм, къэралышхуэм къикIа IэщIагъэлIхэм.

Жэпуэгъуэ Революцэ Иным иужькIэ училищэр зэхуащIри заулрэ щытащ. ИтIанэ абы къыщызэIуахащ совет школ. Ауэрэ абы къыщызэрагъэпэщащ Ленин еджапIэ къалэ цIыкIур (ЛУГ), щылэжьащ коммунистхэм я мэкъумэш еджапIэ нэхъыщхьэр, Пионерхэм и уардэунэр. 1957 гъэм училищэм КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетыр щыIащ. Илъэси 10 дэкIри, абы къыщызэIуахащ университетым и медицинэ факультетыр.

Налшык Арманд Инессэ и цIэр зезыхьэ уэрамым и пэщIэдзэ дыдэм щыт а ухуэныгъэр мы зэманым хъуащ федеральнэ мыхьэнэ зиIэ, лъэпкъ тхыдэмрэ архитектурэмрэ я фэеплъ нэс. Иджыпсту а унэм щоджэ КъБКъУ-м и Медицинэ академием и студентхэм ящыщхэр. Апхуэдэу абы щолажьэ а еджапIэ нэхъыщхьэм и «Эрмитаж-Кавказ» щэнхабзэ-егъэджэныгъэ центрыр.

ЩIэблэхэм къадэгъуэгурыкIуа ухуэныгъэ хьэлэмэтым хуэдэ къалащхьэм дэмытми ярейщ, апхуэдизу гъэщIэгъуэну, IуплъафIэу щытщ абы и теплъэри. Реальнэ училищэм и иджырей етIуанэ макетым нэрылъагъу къыпщещI еджапIэр нэхъапэм зэрыщыта дыдэр. ЕджапIэм и ухэуныгъэм ехьэлIа дэфтэрхэр и лъабжьэу ар щагъэзэщIащ КъБКъУ-м архитектурэмрэ дизайнымкIэ и кафедрэм (унафэщIыр ГъукIэлI Хьэзрэтщ). А еджагъэшхуэм и нэIэм щIэту лэжьыгъэ хьэлэмэтыр игъэзэщIащ институтым и ещанэ курсым и студенткэ Кулиевэ Лимэ. КъэхутакIуэ ныбжьыщIэм и IэрыкI лэжьыгъэр пщIэ щиIэу щахъумэнущ «Эрмитаж-Кавказ» центрым и плIанэпэхэм ящыщ зым. Абы апхуэдэу щIэлъщ училищэм ехьэлIа нэгъуэщI дэфтэрхэр: щеджахэм, щезыгъэджахэм я цIэ-унэцIэхэр зэрытхэр, сурэт хьэлэмэтхэр, нэгъуэщIхэри. ИпэжыпIэкIэ ар хъуащ щIыналъэм къикIуа тхыдэгъуэгуанэм и фэеплъ нэху.

**КЪАРДЭН Маритэ.**





# Тхыдэ пэжыр хъумэным и мыхьэнэр

**ЕтIуанэ дунейпсо зауэр щиуха махуэм ирихьэлIэу Налшык къалэм Печатым и унэм щытепсэлъыхьащ тхыдэ пэжыр хъумэным и мыхьэнэм. ЗэIущIэр зыхуагъэпсар милитарист Японием зэращытекIуарт.**

IУЭХУР зэгъусэу къызэрагъэпэщащ КъБР-м Бжыгъэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ, Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэхэм. ЗэIущIэм хэтащ республикэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, жылагъуэ, ветеран зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Зэхуэсахэр еплъащ УФ-м и Президентым и деж Тхыдэ фэеплъымкIэ щыIэ лъэпкъ центрыр я дэIэпыкъуэгъуу, Sputnik Медиа, Радио МТС-м IуэхущIапIэхэм траха «КъуэкIыпIэм щекIуэкIа зауэр» документальнэ фильмхэм (тху мэхъу) ящыщ «Японием зэрызитамрэ зауэр зэриухамрэ» Iыхьэм. Ар теухуащ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и кIэухым КъуэкIыпIэ Жыжьэм щекIуэкIа зэхэуэхэм. Абы къыщыхьащ зауэр зэрекIуэкIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр наIуэ къэзыщI архив дэфтэрхэр. Урысей политик цIэрыIуэ, КъуэкIыпIэр зыдж Примаков Евгений лэжьыгъэм щытопсэлъыхь Маньчжур ебгъэрыкIуэныгъэ Iуэхур советыдзэхэм псынщIэу зэрызэфIагъэкIам, Квантуныдзэ мелуан хъур зэрызэтракъутам. Абы къыщыгъэлъэгъуащ 1945 гъэм фокIадэм и 2-м Японием псалъэмакъыншэу зэрызитам теухуа актым США-м и «Миссури» дзэ кхъухьым Iэ зэрыщыщIадзари. Апхуэдэу мыбдеж наIуэ къыщохъу текIуэныгъэшхуэр зэгъэхъулIэнымкIэ Совет Союзым мыхьэнэшхуэ зэригъэзэщIар.

Фильмым еплъахэм къыхагъэщащ дэфтэрхэр зи лъабжьэ апхуэдэ лэжьыгъэхэмрэ Iуэхур зи нэгу щIэкIахэм жаIэжахэмрэ я тегъэщIапIэу фIэкIа, Совет Союзым Японием текIуэнымрэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэр иухынымрэ хэлъхьэныгъэ хуищIар зыгъэпудыну хэтхэм зэрапэщIэмытыфынур.

КъБР-м Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министерствэм хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и къудамэм и унафэщI, Урысейм и «Полк уахътыншэм» и щIыналъэ штабу республикэм щыIэм и унафэщI Романовская Аннэ махуэм и мыхьэнэр къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ: «ФокIадэм и ещанэ махуэр ди къэралми дуней псоми я дежкIэ тхыдэ мыхьэнэ ин дыдэ зиIэщ. Милитарист Японием зэрызитам Iэ щыщIадза махуэм накъыгъэм и 9-м нэхърэ мынэхъ мащIэу мыхьэнэ иIэщ - ар ЕтIуанэ Дунейпсо зауэр зэрыщыту зэриухам щыхьэт техъуащ. Дэ ди къалэныр а текIуэныгъэр сыт хуэдэ лIыгъэрэ уасэкIэ ди зауэлIхэм зыIэрагъэхьами нобэрей щIэблэм едгъэщIэнырщ. Уи унагъуэм, уи Хэкум и тхыдэр пщIэмэ, нобэрей зэманым къекIуэкIри къыбгурыIуэну нэхъ тынш хъунущ, хъыбар нэпцIхэм япэщIэт къару нэхъыщхьэуи диIэр аращ», - къыхигъэщащ абы.

Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Жыласэ Заурбэч тепсэлъыхьащ хъыбар нэпцIхэм япэщIэтынымкIэ медиам иIэ мыхьэнэм: «Къэралым дежкIэ илъэс нэхъ гугъухэм псэуа, лIыгъэ зезыхьа ди лIыхъужьхэр нэхъ мащIэ хъуху, блэкIам и пэжыпIэр тхъумэнри тIасхъэ мэхъу. Нобэ КъухьэпIэ къэралхэр иужь итщ Япониер зэхэкъутэным СССР-м хуищIа хэлъхьэныгъэр зэблашыну. КъытщIэхъуэ щIэблэр а хъыбар нэпцIхэм пэщIэтыфын папщIэ, Iуэхум и пэжыпIэр къаIэрыхьэн хуейщ, - армыхъумэ нэгъуэщIхэм къызыхураджэхэм ягъэжакъуэнущ. ЩIалэгъуалэм къагурыIуэу щытын хуейщ нобэрей я гъащIэ дахэм, еджэну, зауэжьыну яIэ Iэмалхэм ди япэ ита куэдым я псэр зэрыщIатар. Къыхэзгъэщынут, лIыхъужьхэм я фэеплъыр хъумэныр хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм ди IэщIагъэкIэ дгъэзащIэ къалэнхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр».

А гупсысэр диIыгъыу къэпсэлъащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI Куэцэ Елбэрд: «Иджыпсту хъыбарегъащIэ зауэшхуэ йокIуэкI. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр тхыдэм и пэжыпIэр зэхуэдэу, зы унэтIыныгъэкIэ щIалэгъуалэм ябгъэдэтлъхьэнырщ. Урысейм накъыгъэм и 9-м ЕтIуанэ дунейпсо зауэр иухауэ нэхъыбэм къащохъу. АрщхьэкIэ 1945 гъэм фокIадэм и 2-рщ, Японием Iэщэр игъэтIылъа нэужь, псори щызэфIэкIар. Си япэ къэпсэлъахэм къызэрыхагъэщащи, тхыдэр нобэ зэрыхуейуэ къыщратхыкIыж зэманым апхуэдэ Iуэхугъуэхэр IупщIу къэдмыгъэлъагъуэу хъунукъым».

Хэку зауэшхуэм и тхыдэр яхъумэныр щIэблэм халъхьэ гъэсэныгъэм и лъабжьэу зэрыщытыпхъэри дыщIагъуащ къызэхуэсахэм. Мыпхуэдэ зэIущIэхэм, къызэгъэпэщакIуэхэм къызэралъытэмкIэ, блэкIар уигу къагъэкIыж къудейкъым, атIэ дяпэкIэ фэеплъыр зыхъумэну къызыпэщылъхэри зыгъэгупсысэщ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Унагъуэшхуэхэм зыщIагъакъуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ унагъуэхэм сабий садхэм ягъакIуэ я бынхэм щхьэкIэ щIат пщIэм и Iыхьэ гуэрхэр къэралым хуепшыныж, щыжаIащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм.**

ПСАЛЪЭМ къыдэкIуэу, 2026 гъэм зэрыщIидзэрэ апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэр иратащ унагъуэ 5722-м я сабий 8143-м щхьэкIэ икIи псори зэхэту сом мелуан 65-рэ хуаутIыпщащ абыхэм.

Къыхэдгъэщынщи, сабий унагъуэшхуэхэм садым щIата пщIэр къанэ щымыIэу иратыж. Адрейхэм ятеухуауэ унафэ къыщащтэр унагъуэм и хэхъуэр зы мазэм къриубыдэу цIыхур нэхъ мащIэ дыдэу зыхуэныкъуэну ахъшэм и куэдагъыу республикэм щагъэувам нэхърэ щынэхъ мащIэм дежщ. Апхуэдэу щытмэ, япэ сабийм щхьэкIэ садыпщIэм и процент 20-р, етIуанэм щхьэкIэ - процент 50-р худачых.

Абы щхьэкIэ унагъуэхэм зыхуагъазэ хъунущ МФЦ-м е республикэм Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и центрым и къудамэу районхэм щыIэм.

Ахъшэр иратыж республикэми муниципалитетхэми я садхэм щаIыгъ сабийхэм папщIэ.

**ЖЫЛЭХЬЭЖ Артур.**



# Балигъ мыхъуауэ къыщIэхуахэм яхуэзащ

**Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэ Бэдракъ Iэминэ кIуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ УФСИН-м и следственнэ изолятор №1-м.**

ЩIЫНАЛЪЭ IэнатIэм и унафэщIым УИС-м цIыхум и хуитыныгъэхэр щагъэзэщIэнымкIэ и дэIэпыкъуэгъу Текаевэ Ритэрэ IуэхущIапIэм и унафэщI Газаев Иссарэ ящIыгъуу, зыщиплъыхьащ балигъ мыхъуауэ хабзэр къызэпызыудахэр щаIыгъ пэшхэм.

Омбудсменым къипщытащ гъэ еджэгъуэщIэм зэрыхуэхьэзырыр, школхэм я егъэджакIуэхэм ныбжьыщIэхэм дерсхэр щыдрагъэкIуэкIыну щIыпIэхэр, зэреджэну литературэмкIэ къызэрызэгъэпэщар.

Бэдракъ Iэминэ яIущIащ сабий зиIэ цIыхубзхэу я щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъэзахэми.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

# ХэхъуэфIхэр къегъэлъагъуэ

**2026 гъэм и щIышылэм - бадзэуэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм мэкъумэш продукцэу къалэжьащ сом мелард 30 и уасэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 2,3-кIэ нэхъыбэ.**

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу хэхъуэфIхэр къигъэлъэгъуащ Iэщ гъэхъун IэнатIэм. Республикэм и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм зэхэту лырэ джэдкъэзылу къалэжьащ (псэууэ шэчауэ) тонн мин 71,5-рэ. 2025 гъэм и щIышылэм - бадзэуэгъуэм яхуэзэфIэкIам нэхърэ процент 0,2-кIэ нэхъыбэщ ар.

Гъэшу къашащ тонн мин 314-рэ. Мыбдежым хэхъуэу проценти 3,2-рэ яIэщ. ДжэдыкIэу кърахащ мелуани 132,3-рэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 2,9-кIэ нэхъыбэ.

Къищынэмыщ Iауэ, ипэIуэкIэ хъыбар зэрыщыIамкIэ, республикэм хьэцэпэцэр къыщрахьэлIэжащ. Иджыпсту зи чэзур пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIымрэщ, кIэртIофымрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмрэщ. МэкъумэшыщIэхэр нартыху Iухыжыным пэрыхьэнущ фокIадэм ипэхэм.

**БОРИЙ Ратмир.**

# Уэзджынэм и пIэкIэ макъамэ

**Гъэ еджэгъуэщIэм, фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ школхэм я махуэхэр макъамэкIэ ирагъажьэ. «Уэзджынэхэм я пIэкIэ - макъамэхэр» Iуэхум хыхьэу, мазэ къэс макъамэхэр кърагъэуэнущ.**

ФОКIАДЭМ ягъэIуну яубзыхуахэм ящыщщ Пляцковский Михаил и «Дважды два - четыре», Майданов Денис и «Песня Первых», Пляцковский Михаилрэ Шаинский Владимиррэ я «Учат в школе» уэрэдхэр. Япэ классым кIуэхэм папщIэ къатынущ Энтин Юрэрэ Шаинский Владимиррэ я «Первоклашка» жыхуиIэр.

«Уэзджынэхэм я пIэкIэ - макъамэхэр» Iуэхур 2024 гъэм щэкIуэгъуэм ирагъэжьащ. Ар теухуащ еджакIуэхэм Урысейм и щэнхабзэм, тхыдэм, хабзэхэм теухуауэ ябгъэдэлъ щIэныгъэм хэгъэхъуэным, классикэ макъамэхэм щIэблэр щыгъэгъуэзэным икIи дегъэхьэхыным.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, фокIадэм и 7

**1**

**05.00, 07.50** «Доброе утро»
**07.05** Выборы-2026
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ХОЗЯИН МОСКВЫ» (16+)
**00.10** «Время героев» (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ОВЧАРКА. НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.40** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.20** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»

**НТВ**

**06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**06.25** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «НЕВСКИЙ. БЛИЗКИЙ ВРАГ» (16+)
**22.15** Т/с «ЧИСЛО ЗВЕРЯ» (16+)
**00.40** «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.25** Х/ф «СОЛДАТ ИВАН БРОВКИН» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** «Артерии Победы. секретный код войны». Д/с (16+)
**12.30, 13.25, 15.05** «1812». Док. драма (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.15, 17.15** «1812». Докудрама
**18.00** Новости дня (16+)
**18.40** «Специальный репортаж» (16+)
**18.55** «По горячим следам» (16+)
**19.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**20.50** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.35** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.05** Х/ф «КОЛЬЦО ИЗ АМСТЕРДАМА» (16+)
**00.50** Х/ф «ИМ ПОКОРЯЕТСЯ НЕБО» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** Диалоги о животных
**07.20** Черные дыры. Белые пятна
**08.00** Д/ф «Народный классик. Эдуард Асадов»
**08.40** Т/с «ОЛЬГА СЕРГЕЕВНА» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.40** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.10, 00.50** ХХ век
**11.55** Х/ф «ЭКЗАМЕН НА ЧИН» (16+)
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.00** Линия жизни
**13.55** Х/ф «КАПИТАН ФРАКАСС»
**16.30** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**17.15** Московская консерватория в лицах
**17.55** Легендарные концерты в Большом зале Московской консерватории
**19.00** Д/ф «Отто Шмидт»
**19.45** Главная роль
**20.05** Правила жизни
**20.30** Спокойной ночи, малыши!
**20.45** Д/ф «Блокадные свадьбы»
**21.30** Сати. Нескучная классика...
**22.15** Т/с «ГРАФ МОНТЕ-КРИСТО» (16+)
**23.10** Монолог в 4 частях. Игорь Скляр
**23.55** Д/ф «Таинственные города майя»
**01.35** Д/ф «Народный классик. Эдуард Асадов»

**МАТЧ!**

**06.00** «Непобедимый» (12+)
**07.00, 12.55, 15.30** Новости
**07.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.00** VI Всемирные игры кочевников. Дневник (12+)
**09.30** Футбол. Франция - Сенегал. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**11.40** Все на Матч! Прямая трансляция
**12.35** «Специальный репортаж» (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** Футбол. Альфа-банк. Кубок сильнейших. Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
**15.35** Громко. Прямая трансляция
**16.55** Смешанные единоборства. Д. Хукер - С. Парнасс. UFC. Трансляция из Франции (16+)
**19.00** Хоккей. ЦСКА - «Спартак» (Москва). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
**22.20** Футбол. «Эльче» - «Реал Сосьедад». Чемпионат Испании. Прямая трансляция
**00.30** Все на Матч! Прямая трансляция

## Гъубж, фокIадэм и 8

**1**

**05.00, 07.50** «Доброе утро»
**07.05** Выборы-2026
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ХОЗЯИН МОСКВЫ» (16+)
**00.00** Д/ф Памяти Александра Маслякова. «Улыбнитесь, вспомнив обо мне...» (16+)
**00.50** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ОВЧАРКА. НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.40** Выборы-2026. Дебаты
**00.55** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.25** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

**НТВ**

**06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**06.25** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.25, 10.35** Т/с «ЛЕСНИК» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «НЕВСКИЙ. БЛИЗКИЙ ВРАГ» (16+)
**22.15** Т/с «ЧИСЛО ЗВЕРЯ» (16+)
**00.40** «Захар Прилепин. Уроки русского» (16+)
**01.10** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**05.30** Т/с «АГЕНТСТВО СКРЫТЫХ КАМЕР» (16+)

**ЗВЕЗДА**

**05.10** «1812». Докудрама (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** «Артерии Победы. секретный код войны». Д/с (16+)
**12.50** «Специальный репортаж» (16+)
**13.25, 15.05, 17.15** Т/с «СМЕРТЕЛЬНАЯ СХВАТКА» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.00** Новости дня (16+)
**18.40** «Специальный репортаж» (16+)
**18.55** «По горячим следам» (16+)
**19.10** «Улика из прошлого» (16+)
**20.50** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.35** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.05** Х/ф «БАЛТИЙСКОЕ НЕБО» (16+)
**02.10** Х/ф «РАЗ НА РАЗ НЕ ПРИХОДИТСЯ» (16+)
**03.20** «Память». Д/с (16+)
**04.00** Т/с «СМЕРТЕЛЬНАЯ СХВАТКА» (16+)

**РОССИЯ К**

**06.30** Диалоги о животных
**07.15, 23.10** Монолог в 4 частях. Игорь Скляр
**07.45** Д/ф «Таинственные города майя»
**08.35** Т/с «ОЛЬГА СЕРГЕЕВНА» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.40** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.10, 00.55** ХХ век
**12.00** Д/ф «Роман в камне»
**12.45** Новости. Подробно. Книги
**13.00** Д/ф «Блокадные свадьбы»
**13.45, 22.15** Т/с «ГРАФ МОНТЕ-КРИСТО» (16+)
**14.40** Д/ф «Таинственные города майя»
**15.35** Линия жизни
**16.30** Эрмитаж
**17.15** Московская консерватория в лицах
**17.55** Легендарные концерты в Большом зале Московской консерватории
**19.00** Д/с «Блеск и горькие слезы российских императриц»
**19.45** Главная роль
**20.05** Правила жизни
**20.30** Спокойной ночи, малыши!
**20.45** Искусственный отбор
**21.30** Белая студия
**00.00** Д/ф «Таинственные города майя»
**01.45** Д/с «Первые в мире»
**02.00** Д/с «Блеск и горькие слезы российских императриц»
**02.30** Д/с «Жизнь замечательных идей»

**МАТЧ!**

**06.00** «Непобедимый» (12+)
**07.00, 09.00, 12.55, 15.30** Новости
**07.05** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.05** «Специальный репортаж» (12+)
**09.25** Футбол. Аргентина - Алжир. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**11.35** Все на Матч! Прямая трансляция
**12.35** «Специальный репортаж» (12+)
**13.00** Есть тема! Прямая трансляция
**14.25** География спорта (12+)
**14.55** «Что за спорт?» (12+)
**15.35** Все на Матч! Прямая трансляция
**16.55** Смешанные единоборства. Ж. Силва - Б. Митчелл. UFC. Трансляция из США (16+)
**19.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**19.25** Футбол. «Текстильщик» (Иваново) - «Арсенал» (Тула). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
**21.30** Бильярд. BetBoom. Лига чемпионов. 1/2 финала. Прямая трансляция из Москвы
**23.40** Все на Матч! Прямая трансляция
**00.50** Футбол. Чемпионат Испании. Обзор (6+)
**01.55** Бокс. Чемпионат России. Мужчины. Финалы. Трансляция из Саранска (16+)
**03.55** Новости (0+)

## Бэрэжьей, фокIадэм и 9

**1**

**05.00, 07.50** «Доброе утро»
**07.05** Выборы-2026
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра»
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ХОЗЯИН МОСКВЫ» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

**РОССИЯ 1**

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**7.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.20 - 9.50** Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм IX зэхуэсыгъуэм и депутатхэм я хэхыныгъэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.50** - «Жэуап зэтигъуэй упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05 - 18.35** Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и IX зэхуэсыгъуэм и депутатхэм я хэхыныгъэхэр (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Жэуап зэтигъуэй упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, фокIадэм и 12**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**3.44** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, фокIадэм и 13**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44 - 7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

*«Хъыбарыщ1эхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00*
*«Хъыбарыщ1эхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00*
*«Хъыбарыщ1эхэр».*
*Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00*

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Еджэ - едаIуэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)




# ЩыщIадзэжащ еджапIэ къагъэщIэрэщIэжахэм

**Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм дэт курыт еджапIэ №2-р «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым хэту зэрахьэри, фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу и бжэхэр зэIуахыжащ**.

1966 ГЪЭМ яухуауэ щыта еджапIэр илъэс 60-м щIигъуат апхуэдиз лэжьыгъэ иращIылIэу зэрызэрамыхьэрэ. ЕкIуу къагъэщIэрэщIэжа курыт еджапIэр къызэIуахыжащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Дзэлыкъуэ районым я ныпхэр яIэту. УФ-мрэ КъБР-мрэ я гимнхэр къырагъэуащ. Абы еблэгъащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэу Джатэ Русланрэ Бжьахъуэ Ранетэрэ, къызэхуэсащ къуажэдэс нэхъыжьхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ. ХьэщIэхэр хъуэхъуащ еджапIэр щIэблэм щIэныгъэм и къежьапIэ яхуэхъуну, школым и лэжьакIуэхэм фIыщIэ ящIащ ар къэрал программэм хиубыдэу къызэрагъэщIэрэщIэжам папщIэ.

1968 гъэм яухуауэ щытащ Псынэдахэ къуажэм дэт курыт еджапIэри. «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ ари къагъэщIэрэщIэжащ. ЕджапIэр къыщызэIуахыжым абы еблэгъащ КъБР-м мылъку, щIы зэхущытыкIэхэмкIэ и министр ТIэхъу Аслъэн, Дзэлыкъуэ районым и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэхэу Вындыжь Ризуанрэ Кубалов Аслъэнрэ, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм мэкъумэш щIыпIэхэм заужьынымкIэ и департаментым и унафэщI Къардэн Рэмэзан, Дзэлыкъуэ районым егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI КIэмыргуей Лидэ, районым цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ и уполномоченнэ Теувэж Ильяс, ветеранхэм я щIыпIэ советым и тхьэмадэ Бэрэгъун Арсен, «Бизнес-инкубатор» IуэхущIапIэм и тхьэмадэ Тембот Арсен, Псынэдахэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ ПщыукI Маринэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ зыхуей хуагъэза курыт еджапIэм мэкъумэш класс къызэрыщызэрагъэпэщар. Ар хуэгъэпсащ щIым, гъавэм, къэкIыгъэхэм теухуауэ щIэблэм щIэныгъэ ябгъэдэлъхьэным.

«ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» проектым хэту зэрахьащ Дзэлыкъуэдэс къуажэм дэт курыт еджапIэри. ЕджапIэм и бжэр къыщызэIуахым къэралым, республикэм, районым я ныпхэр яIэтыну хуагъэфэщащ ныбжьыщIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм жыджэру хэтхэу Къэшэж Мухьэмэд, Мусэ Дисанэ, Ныр Алихъан сымэ. Iуэхум хэтащ Дзэлыкъуэ районым и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Вындыжь Ризуан, районым егъэджэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщI КIэмыргуей Лидэ, Дзэлыкъуэдэс къуажэ администрацэм и унафэщI КIуэкIуэ Жыраслъэн, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

ЕджапIэр къыщызэIуахым гъэ еджэгъуэщIэм и япэ уэзджынэр къырагъэуащ 11-нэ классым щеджэ Кърымщокъал Темырланрэ езанэ классым кIуа Маргъущ Ясинэрэ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ**.



# Мазиблым яхуузэфIэкIар

**2026 гъэм и щIышылэм – бадзэуэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ индексыр проценти 110,3-рэ хъуащ**.

РЕСПУБЛИКЭМ и экономикэ IэнатIэхэм къагъэлъэгъуа зэфIэкIхэр зэпэщхьэхуэу къатщтэмэ: щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэхынымкIэ IэнатIэм – процент 86,9-рэ, продукцэхэр къыщIэзыгъэкIхэм, абыхэм елэжь IэнатIэхэм – проценти 110,9-рэ, электрокъарукIэ, газкIэ, хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ, хьэуар зыгъэкъабзэ IэнатIэхэм - процент 105,7-рэ, псы яхуэзыутIыпщхэм, къагъэсэбэпар Iузышхэм, кIэрыхубжьэрыхухэр зэщIэзыкъуэхэм, уэрамхэр, пщIантIэхэр зэлъыIузыххэм - проценти 119,9-рэ къагъэлъэгъуащ.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу нэкулъ лIэужьыгъуэхэм, гъэшым, маргариным, тхъуцIынэм, кхъуеймрэ кхъуейлъалъэмрэ, йогуртым, шхум, шатэм, Iусыпхъэм, IэфIыкIэм, нарзаныпсым, зэрылажьэ щыгъыным, кIэстумым, щэкIхэкIым, трикотажым, пыIэм, лъэпэдым, кислородым, пластмассэм къыхэщIыкIа бжэ-щхьэгъубжэм, абдж птулъкIэм, асфальт-бетон зэхэщIам, гъущIым къыхэщIыкIа продукцэм, лэжьыгъэ Iэмэпсымэхэм, унэлъащIэм, медицинэ Iэмэпсымэхэм я куэдагъым хагъэхъуащ. Электрокъарурэ хуабэу къалэжьари нэхъыбэщ.

Апхуэдэу щыхъукIи лым, пхъэщхьэмыщхьэ-хадэхэкI консервым, крупам, сэхуран дагъэм, хьэжыгъэм, пыченэм, тепIэнщIэлъыным, вакъэм, картоным къыхэщIыкIа ашычым, кислородым, пластмассэм, пластмассэм къыхэщIыкIа ашычхэмрэ коробкэхэмрэ, унэлъащIэм ирахьэлIэ цIыкIуфэкIухэм, чырбышым, бетоным, кабель продукцэм, полупроводник аппаратурэм, рентген аппаратхэм, автотранспортым ирахьэлIэ пкъыгъуэхэм кIэрыхуащ.

2026 гъэм и мазиблым къриубыдэу псэупIэу 1686-рэ яIэтащ, абы щыщу унагъуэхэм – 1662-рэ. ФэтэрыщIэу яухуащ псори зэхэту 3142-рэ. ПсэупIэу яIэтам псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 323,8-рэ яубыдащ. 2025 гъэм и щIышылэм – бадзэуэгъуэм яхузэфIэкIам нэхърэ процент 13,0-кIэ нэхъ мащIэщ ар. Абы щыщу метр зэбгъузэнатIэ мин 219,9-р унагъуэхэм ейщ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 30,4-кIэ нэхъ мащIэщ ари.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу фэтэр куэду зэхэт унэхэр зыухуэ IуэхущIапIэхэм метр зэбгъузэнатIэу мини 103,9-рэ яухуащ. 2025 гъэм и щIышылэм – бадзэуэгъуэм ирихьэлIэу яхузэфIэкIар метр зэбгъузэнатIэ мин 56,5-рэщ.

Къуажэ щIыпIэхэм щаIэтащ псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ мини 154,0-рэ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 26,8-кIэ ари нэхъ мащIэщ.

2026 гъэм и мазиблым къриубыдэу республикэм и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм мэкъумэш продукцэу къалэжьащ сом мелард 30,0-рэ и уасэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм проценти 102,3-кIэ хуэкIуэу. ЩIыналъэм хьэцэпэцэр щыIухыжащ, сэхураныр, кIэртIофыр, хадэхэкIыр, нартыхур къыщрахьэлIэж.

2026 гъэм шыщхьэуIум и 1-м ирихьэлIэу хьэцэпэцэмрэ джэш хъуреймрэ (нартыхур хэмыту) къытрахыжащ гектар мин 28,8-м (нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэ щыIэ бжыгъэхэм нэхърэ проценти 3,6-кIэ нэхъ мащIэщ), яIуащ тонн мини 125,3-рэ (япэу щашэчам тещIыхьауэ). Нэгъабэ яхузэфIэкIам нэхърэ процент 16,6-кIэ нэхъыбэщ ар. Абы щыщу гуэдзыр тонн мин 92,7-рэ хъуащ (процент 29,7-кIэ нэхъыбэщ).

ГъавэхэкIыу зы гектарым ику иту центнер 43,5-рэ къытрахащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм къриубыдэу а бжыгъэр зэрыхъуар центнер 35,9-рэщ.

Дызыхэт илъэсым шыщхьэуIум и 1-м ирихьэлIэу республикэм и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ зэхэту Iэщышхуэу яIыгъащ мин 270,9-рэ (нэгъабэ шыщхьэуIум и 1-м – мин 279,2-рэ), абы щыщу жэму – мини 138,8-рэ (нэгъабэ - мини 141,9-рэ). Кхъуэр мин 1,9-рэ хъуащ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ тIэкIу нэхъ мащIэщ. Мэлрэ бжэну яIыгъащ мин 420,9-рэ (нэгъабэ – мин 443,7-рэ), джэдкъазыр мелуани 4,4-рэ хъуащ (нэгъабэ мелуани 5).

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу Iэщрэ джэдкъазу республикэм щаIыгъам и процент 72,6-р унагъуэхэм къалъос. ЖыпIэнурамэ, жэмым и процент 67,9-р, кхъуэм и процент 99,2-р, мэлымрэ бжэнымрэ я процент 47,3-р, джэдкъазым и процент 40,4-р.

2026 гъэм и щIышылэм – бадзэуэгъуэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм лырэ джэдкъазылу къалэжьащ (псэууэ шэчауэ) тонн мин 71,5-рэ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 0,2-кIэ нэхъыбэщ ар. Гъэшу къашащ тонн мин 314-рэ (проценти 3,2-кIэ нэхъыбэщ), джэдыкIэу кърахащ мелуани 132,3-рэ (проценти 2,9-кIэ нэхъыбэщ).

Апхуэдэу щыхъукIи, лымрэ джэдкъазылымрэ (псэууэ шэчауэ) я процент 35,2-р, гъэшым и процент 70,5-р, джэдыкIэм и процент 79,1-р республикэм и унагъуэхэм къалэжьащ. Фермерхэмрэ уней IуэхущIапIэхэмрэ: процент 27,4-рэ, процент 17,8-рэ, проценти 2,6-рэ, продукцэхэр зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къэгъэлъэгъуауэ.

Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу мэкъумэш IуэхущIапIэхэм зы жэмым хуэзэу къашащ гъэшу килограмм 4075-рэ. Нэгъабэ и щIышылэм – бадзэуэгъуэм ар хъуащ килограмм 4160-рэ. Зы джэдым хуэзэу кърахащ джэдыкIи 115-рэ. Нэгъабэ щыIа бжыгъэхэм хуэдизщ ар.

**БОРИЙ Ратмир**.

# Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 5,** ***щэбэт***

♦**Псапэ щIэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1936 гъэм** Бахъсэн ГЭС-р лажьэу яутIыпщащ

♦**1895 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, композитор, пшынауэ, уэрэджыIакIуэ, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къэжэр Индрис**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я энергетик, жылагъуэ лэжьакIуэ **Къущхьэ Мухьэжид**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 17 – 18 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 6,** ***тхьэмахуэ***

♦**1939 гъэм** Налшык шыгъэжапIэ къыщызэIуахащ.

♦**1942 гъэм** ВЛКСМ-м и обкомым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэр къыхуриджащ нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм ялъэкI псомкIи япэщIэувэну.

♦**2001 гъэм** Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэкIуащ.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIэныгъэ IуэхухэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щэрдан Анатолэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 – 29-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 7,** ***блыщхьэ***

♦**ЩIыдагъэ, газ промышленностым и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**Хьэуа къабзэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Iэщэхэм ещхь зэрыджэгу сабий хьэпшыпхэр гъэкIуэдыжыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1923 гъэм** Интерполыр – уголовнэ полицэм и дунейпсо организацэр – къызэрагъэпэщащ.

♦**1928 гъэм** ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь орденыр къащтащ.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ Абхъаз къэрал университетым и ректор, ЩIДАА-м и академик, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **Гварамие Алекэ**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ Урысей Федерацэм, Адыгэ Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м, МАИА-м, АПСН-м я академик, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор **КIэрмытI Къазбэч**.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Шэджэм районым и унафэщIу щыта **Ахъуэхъу Къанщобий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 17 – 19, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ***

*Вэсэмахуэ* республикэм къыщалъхуащ сабий 21-рэ: 14-р хъыджэбз цIыкIущ, 7-р щIалэщ.

*Дыгъуасэ* - сабий 26-рэ: 15-р хъыджэбз цIыкIущ, 11-р щIалэщ.

*ФокIадэм* зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 87-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 5992-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Шынэ зиIэм укIытэ иIэщ, укIытэ зиIэм напэ иIэщ.**




● Псалъэжьхэр

# И цІэр куэдрэ жыІэ

**♦Зэгурыlуэр щынафэм щlегъанэри, зэгурымыlуэр выфэми щlигъанэркъым.**
**♦Зэдэшхэ Іэфlщи, зэдэфl унэщ.**
**♦Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.**
**♦Къуэш зимыІэм башым ІэплІэ ирешэкІ.**
**♦ЛІакъуэр зыщыбэм бынир щыхейщ.**
**♦ЛІы гурымыкъыр фызгъагъщи, лІым и гъыринэр гуемыІущ.**
**♦Махуаем бгъуэтыжыр ныбжьэгъущи, уи хьэмтетыгъуэм бгъуэтыр уи шхэгъущ.**
**♦Ныбжьэгъужьрэ дыжьыныжь пщэжарэ.**
**♦Ныбжьэгъуншэр зеиншэ пэлъытэщ.**
**♦Пхъурылъхурэ къанрэ зэхуэдэщ.**
**♦ПцІырыпыхьэ щІэинхьыж.**
**♦Пщащэ дахэ лІыгъапцІэщ.**

● Унэгуащэхэм папщІэ

# Шэ, шху дэпшхреймэ...

**●Холестерин зи куэдым нартыхум къыхэщІыкІа шхыныгъуэ куэд ишхыреймэ, холестериныр мащІэ ещІ, Іэпкълъэпкъым хэлъ лейри къыхеху.**
**●Лы цІынэм мэ къимыщтэн щхьэкІэ шэрджэсхэм фо щахуэу щытащ.**
**●Мыващхъуэр къущхьэхъу кърахырт. Езы мывэр папцІэ цІыкІуу щытщ. Ар сапэкІэ ятхъунщІырт, сабэм хуэдэу къытекІар уІэгъэм трагъэщащэрти, уІэгъэр хъужырт.**
**●КІэртІофым къыхэщІыкІа шхыныгъуэ куэд зышхыр пшэр мэхъу.**
**●Іэщышхуэ Іэщ цІыкІухэм ял гъэвар щашхкІэ адыгэхэм бжьыныху шыпсым пІастэ ирагъэпщІыркъым, ирагъэпщІыр лыращ.**
**●ЩІалэ къыхуалъхуамэ, фокІэ пщауэ хугу хьэжыгъэ яшхырт, щІалэр гъур мэхъу жаІэрти.**
**●ХьэлІамэ кІупІинэм хуабэу шэ, шху дэщІыгъуу щІэхщІэхыурэ пшхымэ, абы Іэпкълъэпкъыр егъэкъабзэ, напІэ зэлъахэри егъэхъуж.**

● Шхыныгъуэхэр

## ТебэкІэ гъэжьа бжэныл гъэгъупцІа



Бжэныл гъэгъупцІар яупщІатэ е джыдэкІэ зэпауд и хьэлъагъыр г 80 - 100 хъууэ, псы хуабэкІэ ятхьэщІри, тебэм иралъхьэ, псы щІыІэ щІакІэри, тебащхьэр тепІауэ пэшхьэкум трагъэувэ. МафІэ щабэм тету, тхъурымбэр къытрахыурэ ягъавэ, псыр щІэвэщІэху, икІи дагъэр къыщІидзыху. ИтІанэ зэІащІэурэ тхъуэплъ дахэ хъуххукІэ ягъажьэ дагъэ къыщІидзамкІэ, мафІэр ирашэхри, бжьыныщхьэ укъэбза упщІэтар халъхьэ. Псори зэІащІэурэ дакъикъи 3 - 4 хуэдизкІэ ягъажьэ, шыбжий сыр хьэжа траудэри, зэІащІэурэ зы дакъикъэ-дакъикъитІкІэ ягъажьэ. Ірэнэм тепщэчкІэ трагъэувэ, щыжьэм къыщІэжа дагъэри тракІэж. Пщтыру, пІастэ хуабэ и гъусэу яшх, шэ хуабэ трафыхьыж.

***Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):***
бжэныл гъэгъупцІауэ - г 300, псы щІыІэу - г 100, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

## Къэб гъэва зыхэлъ тхъурыжь



Ар дахэ, ІэфІ мэхъу, витамин А-кІэ къулейщ, шхыгъуафІэщ. ДжэдыкІэ цІынэм фошыгъу щабэ, содэ халъхьэ, фІыуэ яудэри, абы къэб пІастэ, тхъуцІынэ гъэткІуа халъхьэ, зэІащІэ, гуэдз хьэжыгъэм и кум иракІэри быдэ хъуху япщ. Содэр куэдыІуэмэ, тхъурыжьыр къочэри абы хуэсакъыпхъэщ. Ірэнэм хьэжыгъэ трагъэщащэри, тхьэвыр щамыгъэлъу хупхъэкІэ яху мм 1 - 1,5-рэ и Іувагъыу, хуэплІимэ щІыкІэу. И бгъуагъыр см 3 - 4, и кІыхьагъыр см 120-рэ хъууэ зэпаупщІ, бэлагъым къурашэкІри, и кІапитІыр зэтрагъапщІэ, градуси 160-180-рэ хъууэ къэплъа тхъум е дагъэм халъхьэри, бэлагъыр ягъазэурэ тхъуэплъ, гъуэжьыфэ хъуху ягъажьэ. Тепщэчым иралъхьэри, Ірэнэм трагъэувэ. ЩІыІэуи хуабэуи яшх.

***Халъхьэхэр:***
гуэдз хьэжыгъэу - г 400, джэдыкІэу - 3, фошыгъуу - г 50, содэу - 1 гр, къэб пІастэу - г 100, тхъуцІынэу - г 30, шыгъуу, зэрагъэжьэн тхъууэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Интернетым дыкъыщоджэ

# Ар дауэ?

ЛІитІ пхъэ къахьыну мэзым кІуати, пшапэр зэхэуэху хэт жыг нэхъыбэ пиупщІыфми зэпеуэну зэгурыІуэри, лъэныкъуэ зырызкІэ зэбгрыкІащ. ЯпэщІыкІэ тІуми зэхуэдэ хуабжьагъ яІэу лэжьэн щІадзащ. Сыхьэт дэкІри, зым и джыдэ тІыркъэ макъыр зэпыуащ. ЗэпхыдэІукІыу абы гу лъызыта етІуанэ лІым езыр текІуэну Іэмал иІэ зэрыхъуам нэхъри тригъэгушхуауэ лэжьэным пищащ.

Дакъикъипщl докІри, япэрейм и тІыркъэ макъыр аргуэру къэІуу хуожьэж. Аргуэру зэхуэдэу лажьэурэ, япэрейм и макъыр аргуэру зэпыуащ. Мыдрейр гуфІащ, езыр зэрытекІуэнум шэчи къытрихьэжыртэкъым иджы. ЛІитІым языр сыхьэт къэс дакъикъипщІкІэ къэувыІэрт. Апхуэдэурэ, пшапэхуегъэзэкІ хъуащ. Езым текІуэныгъэ къихьауэ фІэкІа зимыгугъэ лІыр мыдрейм бгъэдыхьэмэ - щыуауэ къыщІэкІат.

- Мыр дауэ? - игъэщІэгъуащ абы. - Сэ сыкъызыпхыдэІукІыурэ зэхэсхащ сыхьэт къэсыху уи лэжьыгъэр дакъикъэ бжыгъэкІэ зэрызэпыбгъэуар. Уэ дауэ жыг нэхъыбэ къибупщІыкІа?

- Дауи щхьэуи хэлъкъым, - жиІащ адрейм. - Сыхьэт къэсыху сыкъэувыІэурэ си джыдэр слъащ.

● Фэ фщІэрэ?

# Зэчийм жыжьэ къыщыщІедзэ

США-м щыщ шахматист Фишер Бобби 1958 гъэм, и ныбжьыр илъэс 14 фІэкІа мыхъуу, гроссмейстер нэхъ щІалэ дыдэ хъуауэ щытащ.

* * *

Балтимор (США) щыІэ Макъамэ консерваторэм студент нэхъыщІэ дыдэу щІэтІысхьар илъэситху зи ныбжь Амос Торищ.

* * *

Инджылыз актер Гринстрит Сидни и япэ дыдэ роль нэхъыщхьэр щигъэзэщІар и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирикъуа нэужьщ. 1941 гъэм ар щыджэгуащ «Мальтийский сокол» фильмым.

* * *

Австрием щыщ композитор Моцарт Вольфганг илъэси 4 щыхъум зэуэну макъамэр сыхьэт ныкъуэм къриубыдэу зригъэщІэфырт.

* * *

Комедиехэм щыджэгу инджылыз актер Клиз Джон и ныбжьыр илъэс 12 щрикъуам и лъагагъыр сантиметри 180-рэ хъурт.

* * *

Сабий Іущ дыдэ Сидис Вильям Гарвард университетым щІэтІысхьащ и ныбжьыр илъэс 11 фІэкІа мыхъуу. Ар къыщыхъуар 1909 гъэрщ.

* * *

Гольф джэгуным цІэрыІуэ ирихъуа Хепборн Катаринэ абы щыдихьэхам илъэситху ирикъуа къудейт.

* * *

Совет композитор Прокофьев Сергей и япэ оперэр итхащ и ныбжьыр илъэси 9-м иту.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **2.** Іэщым зэреджэ нэгъуэщІыцІэ. **6.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ цІыхур щыту малІэ. **7.** Нэмэз щІыгъуэ къэблэгъа нэужь, къаджэурэ хъыбар зэрырагъащІэ. **9.** БынкІэ егъэлеяуэ гумащІэ. **11.** Зэрыджэм ещхьыфэ пхъэщхьэмыщхьэ (урысыбзэкІэ - рябина). **14.** Чэф хъуа лІыр ...-небэу уэрамым щызоджадэ. **16.** ИлъэситІ, щым ит шыщІэхъу мыгъасэ. **19.** Фэдэн ящІыну зэгуагъэжа былымыфэ.

***Къехыу:*** **1.** ПщІий къызыпыкІэ жыг. **2.** Пасэрей Іэщэ зэрыпыджэ. **3.** Узыдэмыхьэ къуэладжэ ... дэзщ. **4.** Жыг закъуэ ... хъуркъым. **5.** Дыщэ ... е фошыгъу ... **8.** Адыгэ театрым и джэгуакІуэ Іэзэу щыта, РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ. **9.** ... лъакъуэ шкІэ иукІрэ? **10.** Къуажэ унагъуэм и пщІантІэм дэт ухуэныгъэ, Іэмэпсымэ, хьэпшып гъэтІылъыпІэ. **12.** Удын зэхэдзэ нэхърэ - ... зэхэдзэ. **13.** Пасэрей адыгэ пщышхуэ ... нэху. **15.** Ди лъэпкъэгъу, Къэрал Думэм и депутат. **17.** Гур мыплъэмэ, ... плъэркъым. **18.** Жыг къэтІэпІам и нэщэнэ.

*Зэхэзылъхьар*
**САУТ СулътІанщ.**

***Шыщхьэуlум и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **6.** Зэуа. **7.** ПщылІ. **8.** Бжьакъуэ. **9.** Іэщэ. **11.** Увэгъу. **13.** Мэщ. **15.** ПщІэмэ. **16.** Хъуркъым. **17.** Гъунэ. **19.** Гъунэгъу. **22.** ИрещІ. **24.** ПщІэм. **25.** Телъщ.
***Къехыу:*** **1.** ДэкІэ. **2.** Хуабэ. **3.** Бланэ. **4.** Гупэу. **5.** Дзыгъуэ. **10.** ЩхьэкІэ. **12.** Вакъэр. **13.** Мэгъу. **14.** Щхъуэ. **18.** Насып. **20.** НэщІщ. **21.** Гъужми. **22.** ИкІута. **23.** Еплъи.



● Хъыбар гуапэ

# Мэржэхъу ФатIимэ и ехъулIэныгъэ

**Гъэ еджэгъуэщIэм и пэ къихуэу хъыбар гуапэ къытIэрыхьащ. УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм, Кавказым и ТхакIуэхэм я клубым хэт, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Бахъсэн къалэм и курыт еджапIэ №3-м и егъэджакIуэ Мэржэхъу ФатIимэ щытекIуащ «Сказитель Руси. Легенды и мифы России» зэпеуэм. Ар къызэригъэпэщащ УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ нэхъыфIу къыщалъытащ сабийхэм папщIэ Мэржэхъу ФатIимэ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Сказания о Сосруко» къыдэкIыгъуэр икIи УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и щIыхь тхылъымрэ Донской Дмитрий и «За сохранение исторической памяти» медалымрэ къыхуагъэфэщащ. Тхылъым рецензэ хуитхащ Адыгейм щыщ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, IуэрыIуатэдж Къуиикъуэ Асфар.

Мэржэхъу ФатIимэ Бахъсэн къалэм къыщалъхуащ. КъБКъУ-м и филологие факультетым хамэ къэралыбзэхэр джынымкIэ и къудамэр къиухауэ Бахъсэн къалэм и курыт еджапIэ №3-м щрегъаджэ. И тхылъиплI дунейм къытехьащ (абы щыщу тIур нэгъуэщI тхакIуэ и гъусэу). И IэдакъэщIэкIхэр Урысейм, ди республикэм къыщыдэкI литературэ журнал зэмылIэужьыгъуэхэм къытохуэ, и тхыгъэхэр инджылызыбзэкIэ, абхъазыбзэкIэ, куржыбзэкIэ зэрадзэкIащ. 2019 гъэм Куржым щытрадза, Кавказым и усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса «Антология поэзии» къыдэкIыгъуэм хагъэхьащ ФатIимэ и къалэмыпэм къыщIэкIахэр. КъыжыIапхъэщ, куржыбзэкIэ зэрадзэкIа и усэхэм Куржым и Къэрал саугъэтыр 2020 гъэм къызэрыхуагъэфэщар. Мэржэхъу ФатIимэ Дунейпсо Арт комитетым къритащ «Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ», «ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 120-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ» дыщэ медалхэр. КъинэмыщIауэ, дуней псом щыпсэу лъэпкъхэм я Евразие ассамблеем, Къэзахъстаным и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм я щIыхь тхылъхэр, Кавказым и усакIуэхэм я фестивалым и лауреат зэрыхъуам щыхьэт техъуэ щIыхь тхылъыр кърatащ. 2021 гъэм Стамбул щекIуэкIа, ЛИФФТ-м и Евразие фестивалым хэта усакIуи 196-м ящыщу нэхъыфIу къыщалъыта усакIуи 10-м ящыщщ. Ар, дауи, ехъулIэныгъэшхуэщ.

ФатIимэ зэрыжиIэмкIэ, ар тхэным тезыгъэгушхуар Пушкин Александр и таурыхъхэрщ, иджырей унагъуэхэм я щIэблэм нарт IуэрыIуатэр усэ жыпхъэм иту саугъэт яхуищIынырщ. IуэрыIуатэм и лIыхъужьхэм я зэфIэкIыр усэ жыпхъэм тету къиIуэтэжыну Мэржэхъум къалэн зыщищIыжащ, мы тхылъыр унагъуэкIэрэ зэIэпахыныр щхьэпэу къелъытэри. УФ-м и Президент Путин Владимир Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу 2026 гъэр щигъэувам, унагъуэкIэрэ зэгъусэу тхылъ еджэныр яублэжыну къыщыхуриджам, ар нэхъри Iуэхум тригъэгушхуащ икIи и Iэрытхыр иригъэхьащ «Сказитель Руси» урысейпсо литературэ зэпеуэм. УсакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэхэр зыхэт зэхьэзэхуэм пхыкIыну апхуэдэу щымыгугъами, и лэжьыгъэр нэхъыфIу къалъыта тхыгъихым яхэхуат.

УсакIуэм фIыщIэ хуищIащ и тхылъыр сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэмкIэ зыгъэдэха, Бахъсэн къалэм и курыт еджапIэ №8-м сурэт щIынымкIэ щезыгъаджэ художник КIыпший Розэ. ЛIэщIыгъуэ минхэр къызэзынэкIа, нэхъыжьхэм щIэину къытхуагъэна IуэрыIуатэр зи лъабжьэ «Сказания о Сосруко» тхылъым къыщыгъэлъэгъуэжащ ди лъэпкъыр нэгъуэщIхэм къазэрыщхьэщыкI щапхъэхэр, дыкъызыхэкIам гъунэгъу дыхуещI икIи дигу къегъэкIыж Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр я щэнхабзэрэ гъэсэныгъэкIэ зыхуэдар.

Мэржэхъу ФатIимэ фIыщIэ хуэфащэщ лъэпкъ IуэрыIуатэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIымрэ ар хэIущIыIу зэрищIымрэ папщIэ. ДяпэкIи и IэщIагъэм ехъулIэныгъэхэр щиIэну ди гуапэщ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# ЕплIанэ увыпIэм иризоныкъуэкъу

**Урысей Федерацэм и Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ щIыналъэхэм футболымкIэ ещанэ дивизионым щрагъэкIуэкI зэхьэзэхуэр икIэм ноблагъэ. Абы япэ увыпIиплIыр къыщызыхьхэм адэкIэ бэнэныгъэм пащэнущ. Псынэдахэ и «Родник»-м, Алътуд и «Искра»-м, «СтавропольАгроСоюз»-м апхуэдэ Iэмал зэраIэнур гурыIуэгъуэ хуэдэщ. Къэнэжыр еплIанэращ. Абы ириззыныкъуэкъу Элиста и «РСШОР-Уралан»-мрэ Астрахань и «Волгарь-М»-мрэ щэбэт блэкIам хьэрхуэрэгъу яхуэхъуат Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэхэр.**



ТХЬЭМАХУЭ ипэкIэ Нарткъалэ къэкIуа «РСШОР-Уралан»-м «Нартыр» бжыгъэшхуэкIэ къызэрыхигъэщIам Астрахань къикIахэми апхуэдэ къалэн къащищIырт. АрщхьэкIэ хэгъэрейхэри хьэзыртэкъым я ныкъуэкъуэгъухэм тIэунейрэ зэкIэлъхьэужьу зыкърагъэгъэкIуэтыну. Абы къыхэкIыу япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ лъэныкъуэхэр ерыщу зэпэщIэуващ.

«Нартми» «Волгарь-М»-ми ебгъэрыкIуэныгъэр тегъэщIапIэ яхуэхъуащ. Абыхэм еплъыну стадионым къекIуэлIахэм ар я дэрэжэгъуэт. Апхуэдэу щыт пэтми, джэгум и япэ Iыхьэм бжыгъэр къызэIуха хъуакъым.

Загъэпсэхуауэ къызэрихьэжу нарткъалэдэсхэм зрачащ икIи я япэ дыдэ ебгъэрыкIуэныгъэм ехъулIэныгъэ къахуихьащ. Кумыщ Ислъам хьэщIэхэм я гъуащхьэхъумэхэм яIэщIэкIри, «Нартыр» япэ иригъэщащ.

Апхуэдэ щытыкIэм зыкIи арэзы къимыщI «РСШОР-Уралан»-м и футболистхэр къаруушхуэкIэ ебгъэрыкIуэ хъуащ. Ахэр хьарзынэу зэтраIыгъэурэ ди щIалэхэри щIэх-щIэхыурэ япэкIэ кIуатэрт.

ТекIуэныгъэр зыIэригъэхьэным «Нартым» зымащIэт къыхуэнэжар. Ди жагъуэ зэрыхъущи, Астрахань къикIахэм я ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэм 82-нэ дакъикъэм пэщIэтыжыфакъым. Арати, зэрытемыгъэкIуауэ, 1:1-уэ, лъэныкъуэхэр зэбгъэдэкIыжащ.

Нарткъалэ щызыIэригъэхьа зы очкоми арэзы къищIа хуэдэщ «Волгарь-М»-м и футболистхэр. Ар наIуэ къыщыхъуар нэхъ иужькIэщ – я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ «РСШОР-Уралан»-р Элиста щыIэжу Алътуд и «Искра»-м 3:2-уэ зэрыхигъэщIам теухуа хъыбар къалъэIэсри.

КъБР-м и командэ къыхэхамрэ «Налшык» футбол школымрэ я гуп зэхэтми блэкIа джэгугъуэм дыщагъэгуфIащ. Абыхэм 2:0-у хагъэщIащ Ингушым къикIа Нэзран и «Вайнах»-р.

Гъуащхьэуэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщиIыгъщ «Родник»-м и пашэ Бэчбо Мурат. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм абы топ 13 щыдигъэкIащ. АдэкIэ къыкIэлъокIуэ «Волгарь-М»-м щыджэгу Раджабов Аминрэ (10) псынэдахэдэсхэм ящыщ Урысбий Ратмиррэ (9).

Нобэ зи чэзу джэгугъуэр зэхэтынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэхэр аргуэру хэлIыфIыхьынущ еплIанэ увыпIэм щIэбэнхэм. Къапщтэмэ, «Родник»-м кърригъэблэгъэнущ Элиста и «РСШОР-Уралан»-р. КъБР-м и командэ къыхэхамрэ «Налшык» футбол школымрэ я гуп зэхэтыр Астрахань щыхьэщIэнущ. КъищынэмыщIауэ, икъукIэ зэIущIэ хьэлэмэт щекIуэкIынущ Нарткъалэ. Абы и щIыпIэ щIалэгъуалэр зыхэт «Нартым» кърригъэблэгъэнущ Алътуд и «Искра» командэ лъэщыр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и ещанэ дивизион. Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ щIыналъэхэм я командэр зыхэт гуп*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **«Родник»** | **15** | **14** | **1** | **0** | **65-8** | **43** |
| 2. | **«Искра»** | **15** | **13** | **0** | **2** | **54-13** | **39** |
| 3. | **«СтавропольАгроСоюз»** | **14** | **11** | **2** | **1** | **40-11** | **35** |
| 4. | **«РСШОР Уралан»** | **15** | **9** | **1** | **5** | **32-18** | **28** |
| 5. | «Волгарь-М» | 14 | 8 | 2 | 4 | 33-18 | 26 |
| 6. | «Витязь» | 14 | 4 | 2 | 8 | 26-23 | 14 |
| 7. | «КъБР-Налшык ФШ» | 14 | 4 | 1 | 9 | 14-37 | 13 |
| 8. | «Нарт» | 15 | 3 | 4 | 8 | 14-29 | 13 |
| 9. | «Анжи» | 15 | 4 | 1 | 10 | 18-39 | 13 |
| 10. | «Вайнах» | 14 | 1 | 3 | 10 | 17-54 | 6 |
| 11. | **«Куэсто Кальчо»** | **15** | **0** | **1** | **14** | **8-71** | **1** |

# Ягу къагъэкIыж

**ДзюдомкIэ дунейпсо класс зиIэ спортым и мастер Парчиев Магомед и фэеплъ урысейпсо зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ Ингушым и Нэзран къалэм. УФ-м пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ 2027 гъэм зэхашэну зэпеуэм хэтынухэр къызэрыхах зэIущIэу щытащ ар иджыри. Абы кърихьэлIащ ди къэралым и щIыналъэ куэдым я спортсмену, щIалэхэри хъыджэбзхэри, 200-м нэхърэ нэхъыбэ, я ныбжькIэ илъэс 21-м щIимыгъуауэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и спортсменхэм зэхьэзэхуэм екIуу зыкъыщагъэлъэгъуащ икIи медали 8 абы къыщахьащ. Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр щаубыдащ Къуэн Алим (кг 55-рэ), Щоджэн Данизэ (кг 44-рэ), Хъуран Каринэ (кг 48-рэ) сымэ.

ЕтIуанэ хъуахэщ Къуэныкъуей Исмэхьилрэ (кг 81-рэ) Тау Астемыррэ (кг 100). Къашыргъэ Мухьэмэд (кг 81-рэ), Мамий Астемыр (кг 100), Къуэдзокъуэ Иланэ (кг 48-рэ) сымэ домбеякъ медалхэр къахьащ.

Ди командэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Сэралъп Олег, Махуэ Олег, Хъупсырджэн Резуан, Джэданэ Залым, Къамбий Мартин, Дзухэ Беслъэнрэ Залымрэ.

**МЭРШЭН Батыр.**

● Футбол

## Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.

«Б» дивизионым и Япэ гуп. ТIощIрэ етIуанэ джэгугъуэ «Спартак-Налшык» - «Нарт» (Черкесск) Налшык. «Спартак» республикэ стадион. ФокIадэм и 5-м. Сыхьэт 17-м.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-20-88; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.114 • Заказыр №1903

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А